

Ironderero ry'ukwandukizanya COVID-19 rikoresha uburimbane mu ntumbero y'ugukingira imibano. Intumbero y'aka karorero ni ugutuma abanyagihugu bo mu karere kamwe kose bakorera hamwe mu kuduza hasi urugero rwibonekeza mw'ironderero ry'ukwandukizanya iyo ngwara mu karere, co kimwe n'uturere twinshi kugira tube hasi hashoboka kw'ironderero.

Amahinduka kw'ironderero ry'ukwandukizanya azoshika ku misi y'indwi mu matangazo azokwama ashikirizwa ku misi ya kane. Uturere dukwiye n'imiburiburi ibisabwa bibiri hoba ari hejuru, hagati na hagati, canke hasi tuzunguruzwa kuri urwo rugero. Amahinduka avuye ku rugero rwo hasi rw'ukwandukizanya agashika ku rugero rwo hejuru rw'ukwandukizanya arashobora gushika buri ndwi. Amahinduka avuye ku rugero rwo hejuru rwo kwandukizanya agashika ku rugero rwo hasi rwo kwandukizanya ashobora gushika haheze imisi mike ishoboka 14, igihe bishitse ku ntango.

Urugero rw'ukwandukizanya kuri aka karorero ruzofatira ubwa mbere ku bipimo bikwirikira:

- Igitigiri c'Abemejwe ko bandukijwe
- Igitigiri c'Abagwayi
- Ikoreshwa ry'Icumba c'Indembe

Ironderero ry'Ukwandukizanya COVID-19	Hejuru	Hagati na hagati	Hasi
Incahagati kw'ijana y'imisi 7-c'abemejwe ko bandukijwe mu karere kamwe kose	≥13%	6-12.9%	≤5.9%
Igitigiri c'abagwayi ku bantu 100k mu karere kamwe kose mu misi 14 Uturere two ku mbibe (utwo dufise abanyagihugu batarenga batandatu ku kilometero kwadarato) dufise igitigiri c'abagwayi badashika canke bangana n' 14 mu misi 14 iheze bazoca bashirwa ku rutonde rw' uturere kwandukizanya biri ku rugero rwo "hasi". Uturere two ku mbibe dufise igitigiri c'abarwayi barenga 14 mu misi 14 iheze dutegerezwa gushirwa ku rugero bafatiye ku bipimo ngenderwako ry'ibifatirwako mw'ironderero ry'ukwandukizanya.	≥325/100k	324-101/100k	≤100/100k
Ikoreshwa ry'Icumba c'Indembe muri Leta hose (Incahagati yo misi 7)	Igitigiri cose c'ikoreshwa ≥72% NA ≥15% COVID-19 y'Ikoreshwa ry'Icumba c'Indembe	Igitigiri cose c'ikoreshwa 69-71.9% NA 6-14.9% COVID-19 y'Ikoreshwa ry'Icumba c'Indembe	Igitigiri cose c'ikoreshwa ≤68.9% NA ≤5.9% COVID-19 y'Ikoreshwa ry'Icumba c'Indembe

Ivyemezo ku bantu bose no ku bikorwa vy'ubudandaji vyose	Hejuru	Hagati na hagati	Hasi
Kugira imitororokano ata nkomanzi Imitororokano isanzwe yo kwinezereza , nk'ugusangira indya n'umuryango, ivy'ukuba hamwe n'abagenzi, uturwi two gusoma ibitabu (ntiharimwo ibikorwa)	Imitororokano yo kwiruhura y'abantu 10 cankwe badashika irarekuriwe.	Gushika 29/10: Imitororokano yo kwiruhura y'abantu 10 cankwe badashika irarekuriwe. Nyuma ya 29/10: Imitororokano yo kwiruhura y'abantu 25 cankwe badashika irarekuriwe. Igitigiri	Imitororokano yo kwiruhura y'abantu 50 cankwe badashika irarekuriwe. Igitigiri kirashobora kurenga abantu 50 umuntu umwe wese niyoba yambaye agapfukamunwa.



Ingero z'Ubuyobozi ku biraba Amagara y'Abantu | 22/10/2020

<i>bisanzwe vy'amashengero canke ibikorwa bicungerwa n'ababitunganyije)</i>		kirashobora kurenga abantu 25 umuntu umwe wese niyoba yambaye agapfukamunwa.	
Udupfukamunwa dutegerezwa kwambarwa mu nzu, no hanze, mu gihe gusigaza ikirere hagati y'umuntu n'uwundi bidashoboka; ibi kandi biranaraba abakozi n'abakoresha bose Igikorwa c'ubudandaji kirashobora gukenera ko abantu bambara udupfukamunwa ahantu ukwandukizanya biri ku rugero rwo hagati na hagati canke hasi	Birakenewe	Gushika 29/10: Vyategetswe n'abajewe kwitaho amagara y'abanyagihugu Nyuma ya 29/10: Abajewe kwitaho amagara y'abanyagihugu batanga impanuro bashimitse; ibisabwa ku ngene agapfukamunwa gategerzwa kuba kameze vyiyumvirwa n'indongozi z'akarere bafatanyije n'umukozi ujejwe kwitaho amagara y'abantu ukorera ngaho	Impanuro zishimitse zitangwa n'abajewe kwitaho amagara y'abanyagihugu; ibisabwa ku ngene agapfukamunwa gategerzwa kuba kameze vyiyumvirwa n'indongozi z'akarere bafatanyije n'umukozi ujejwe kwitaho amagara y'abantu ukorera ngaho
Gusigaza ikirere hagati y'imirwi y'abantu baba mu ngo zitandukanye aho bishoboka, eka mbere no mu mitororokano yo kwiruhura y'abantu	Turasavye dushimitse	Turasavye dushimitse	Turasavye dushimitse
Imigenzo y'Isuku	Turasavye dushimitse	Turasavye dushimitse	Turasavye dushimitse
Kuguma i muhira mu gihe urwaye	Birakenewe	Birakenewe	Birakenewe
Kwikumira/kwiyugarana ukurikije ubuyobozi bushikirizwa n'abajewe kwitaho amagara y'abantu	Birakenewe	Birakenewe	Birakenewe
URUDANDAJI			
Ibikorwa vyose vy'ubudandaji	<ul style="list-style-type: none"> • Wisunge Igitabu c'Urudandaji • Hategetswe ikirere ca 6' hagati y'imirwi yo mu ngo zitandukanye, kiretse bambaye agapfukamunwa • Kumanika aho abantu bashobora kubona urutonde rw'ibimenyetso vya COVID-19, rusaba abakozi n'abakiriya bafise ivyo bimenyetso kuguma imuhira, no guhimiriza abantu gusigaza ikirere hagati yabo • Gushikiriza amahitamwo asubirira ayandi yo kuza gutora abantu igihe bishoboka (nko gutora ivyo baguze mu kayira ko kw'ibarabara , kubibashira, indya batwara) • Kuraba ko ivyuma vyinjiza akayaga bikora neza • Urugabano rw'ikiyo hagati y'abakozi n'abakiriya aho bishoboka abakorera ku gasandugu no kw'ikontwari kuri seruvise ijejwe abakiriya mu gihe gusigaza ikirere kingana na 6' biteye ingorane • Gusukura witonze akazu ka surwumwe no kuhatera umuti wica imigera n'imiburuburi kabiri ku muni • Korohereza abakozi gukorera akazi i muhira mu gihe barwaye cankwe ari abantu borohereza cane n'ukwandukizwa • Umwiyemezo wo Kwama Wirinda Kugira Wame Wuguruye (cankwe umwiyemezo 		



Ingero z'Ubuyobozi ku biraba Amagara y'Abantu | 22/10/2020

	<p>bene uwo wemerwa n'ihinguriro mu kongere ingingo z'ukurinda amagara no kubaho ata nkomanzi kugira uzibire ikwiragira rya COVID-19) urahimirizwa cane</p> <ul style="list-style-type: none"> Ibidakurikizwa kubiraba mitororokano n'ibintu biza biraba vy'abanyagihugu birashobora kubaho 		
Gusiga ikirere mu maresitora (be no ku meza bafungurirako)	Gusigaza ikirere kingana na 6' hagati y'abantu buri gihe cose (n'ahantu abantu barindiriye canke bicaye)	Gusigaza ikirere kingana na 6' hagati y'abantu turabisavye dushimitse mu gihe twicaye, birakenewe ahantu abantu barindiriye	Gusigaza ikirere kingana na 6' hagati y'abantu turabibahimiriza cane gose
Utubare	Gusigaza ikirere kingana na 6' hagati y'abantu buri gihe cose (n'ahantu abantu barindiriye canke bicaye)	Gusigaza ikirere kingana na 6' hagati y'abantu turabisavye dushimitse; igitigiri gitegerezwa kwinjira ni 75% vy'ubushobozi; abakiriya bategerezwa kwambara agapfukamunwa mu gihe bivanga n'abandi	Gusigaza ikirere kingana na 6' hagati y'abantu turabibahimiriza cane gose
Ikigo ico ari co cose kirekurira abanyagihugu kugira imitororokano, nk'ibintu biza biraba ikibiriraho, ireresi ibikino, inkino, ubukwe, ukwigina be n'ukwinezereza	<p>- Udupfukamunwa ni nkenerwa; abakina/abanonora imitsi barekuriwe kutatwambara mu gihe bariko barakina - Kuzuza Urukururira rwo Gucungera Ibiza biraba ni nkenerwa - Abantu bakora urudandazwa bisangije bitezwe guhindura ibikorwa vyabo bafatiye ku ngene indwara yiyadukiza aho bari; Igisata Kijejwe Amagara y'Abantu ku Mutumba ni co ciyumvira k'ubukazi bw'amahinduka, gishigikiwe na UDOH</p>		
	<p>- Gusigaza ikirere kingana na 6' hagati y'imirwi y'abantu bavuye mu ngo zitandukanye</p> <p>- Ibidakurikizwa mu gusigaza ikirere kingana na 6'hagati y'imirwi y'abantu bavuye mu ngo zitandukanye birashobora gusabwa indongozi z'akarere bafatanyije n'umukozi ujejwe amagara y'abantu ngaho. Ibitokorwa bishobora kwihwezwa haheze imisi 14. Bitumwe n'ingorane zongerekana z'ukwandukizanya kuri uru rugero, ibidakurikizwa ni bike kandi turasavye dushimitse ko hatogira uwubikora.</p>	<p>- Gusigaza ikirere kingana na 6' hagati y'imirwi y'abantu bavuye mu ngo zitandukanye</p> <p>- Ibidakurikizwa mu gusigaza ikirere kingana na 6'hagati y'imirwi y'abantu bavuye mu ngo zitandukanye birashobora gusabwa indongozi z'akarere bafatanyije n'umukozi ujejwe amagara y'abantu ngaho. Ibitokorwa bishobora kwihwezwa haheze imisi 14. Ibidakurikirwa ntibishigikiwe, mugabo birashobora kubaho kenshi gusumba mu gihe kwandukizwa vyongerekanye.</p>	<p>- Gusigaza ikirere kingana na 6' hagati y'imirwi y'abantu bavuye mu ngo zitandukanye birahimirizwa cane, kwicarana ku mirwi y'abantu bavuye mu ngo zitandukanye birarekuriwe.</p>
Amashure	<p>Wisunge Igitabu c'Ishure n'Umurwi w'Indongozi Zijejwe Indero muri Reta ya Utah State Igitabu c'Integuro yo Gusubira Kugurura Amashure Kwambara udupfukamunwa bibandanya kwubahirizwa ku banyeshure kuva mu wa K-12</p>		
Indero yisumbuye	<p>Wisunge USHE/Integuro yo Gusubira Kugurura Kaminuza/amashure makuru</p>		

